

<https://attorneygeneral.delaware.gov/victims-and-witnesses/>

## **Enfòmasyon: Viktim yo ak Temwen yo**

### Deklarasyon Dwa Viktim yo

Deklarasyon Dwa Viktim Delaware yo egzije pou yo enfòm viktim yo sou pwosesis penal la epi bay yo dwa pou yo kominike ak patisipe.

[Gade Plis](#)

### Bwochi pou Viktim yo

Pwosesis feloni an souvan fwa konplike epi lakoz konfizyon. Antanke yon viktim, ou ka gen anpil kesyon sou sa yo ap mande w ak sa k ap pase pandan dosye a ap bouje atravè sistèm nan. Ou gen dwa pou w jwenn repons pou kesyon w yo, yon fason pou w konprann pwosesis la epi pou w jwenn enfòmasyon sou dat Odyans lan yo ak demann pou liberasyon pwovizwa yo.

[Gade Plis](#)

### Konpansasyon pou Viktim yo

Nan Depatman Lajistis Delaware, nou konnen ke pwoteje ak sèvi viktim krim yo pa rezime ak investigasyon ak pouwit yo ase - li la tou pou ede viktim yo ak fanmi yo sou chimen gerizon an. Pwogram Asistans pou Konpansasyon Viktim yo (VCAP) ka bay asistans finansye pou ede kouvri depans pou yon varyete sèvis ki ede viktim yo ak fanmi yo kòmanse rekonstwi lavi yo, tankou salè ki pèdi, depans medikal, peman pou konsèy sante mantal, ak depans fineray yo.

[Gade Plis](#)